



Pou Piblikasyon Imedya: 22/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN NAN AMELYORASYON YO NAN PAK  
ETA SOUTHWICK BEACH AK NAN PAK ETA WESTCOTT BEACH SOU LAKE  
ONTARIO**

***Amelyorasyon nan Southwick Beach yo gen ladan nouvo saldeben piblik ak konsesyon yo, mòn sab restore pou rezistans fas ak tanpèt, pakin ki sansib ak anviwònman an***

***Amelyorasyon yo nan Westcott Beach enkli uit nouvo chalè aksesib ak kuizin konplè ak twalèt***

**Foto yo disponib [isit la](#)**

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse achèvman pwojè amelyorasyon yo nan Pak Eta Southwick Beach ak nan Pak Eta Westcott Beach, sou rivaj lès Lak Ontario a. Premye amelyorasyon majè yo nan pak zòn plaj popilè a depi 50 ane, amelyorasyon nan Southwick Beach yo enkli yon nouvo saldeben piblik ak bilding konsesyon ansanm ak restorasyon mòn sab ak yon nouvo espas paking "vèt" ki amelyore rezilyans ak pwoteksyon kalite dlo. Nan Westcott Beach, uit nouvo chalè aksesib, ak kuizin byen ekipe ak twalèt konplè, yo te bati yo sou yon falèz pandan yo kòmande vi sou lak la.

"Espas ouvri esansyèl pou sante ak byennèt Nouyòkè yo, sitou pandan moman strès sa yo, e nou rete di nan travay pou kenbe ak amelyore pak eta klas mondyal nou yo pandan n'ap ranfòse direktiv sekirite COVID yo pou pwoteje vizitè yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kominote yo sou Lake Ontario toujou ap rekipere de inondasyon rekò ane pase a ak amelyorasyon sa yo pral ede ogmante vizit ak amelyore rezistans pandan y'ap bay yon ogmantasyon ki nesèsè anpil nan endistri touris lokal la."

Lokalize nan Konte Jefferson, Pak Eta Southwick Beach gen yon kan ki gen 112 sit epi se pak eta ki gen plis aktivite pandan lajounen nan Rejyon Thousand Island, ki atire plis pase 1.1 milyon vizitè pandan dènye deseni an. Amelyorasyon resean yo acheve yo enkli:

- Nouvo kuizin konsesyon ak magazen nan kan an;
- Espas Reyinyon Piblik ak chemine ekstèn, zòn teras, pasrèl ak twa paviyon lokasyon;

- Nouvo douch, zòn pou abiye, ak espas twalèt ki genyen ADA ak aksè pou fanmi;
- Sal lesiv pou kliyan yo sèvo;
- Sal jwèt;
- Nouvo antre pou machin ak twotwa/santye bisiklèt ki gen koneksyon ak sit kan yo; ak
- Estasyon sekouris ak premye sekou.

Pwojè a te genyen ladann tou plizyè aspè pou pwoteje resous natirèl pak la. Nouvo espas paking yo gen sistèm kanalizasyon dlo lapli, basen retansyon byo, ak yon konbinezon chose asfalt estandan, chose pèmeyab, gazon ranfòse nan espas paking, ak gazon two plen nan paking, tout sa yo ap ede pou filtre eleman k'ap polye nan dlo lapli k ap koule ak pwoteje kalite dlo Lak Ontario a. Mòn sab yo restore ak ranfòse yo pral diminye ewozyon nan evènman dlo k'ap monte yo, ansanm ak amelyore abita bèt sovaj nan litoral la. Mòn sab yo gen ladan yon nouvo twotwa an bwa ak yon zòn ki itilize pandan lajounen ak pye bwa ki bay lonbraj. Finansman pwojè sa a te soti nan inisyativ Pak New York 2020 an ak yon sibvansyon 1 milyon dola ki soti nan Environmental Facilities Corporation.

Sitiye sou Henderson Bay nan Konte Jefferson, Westcott Beach gen ladan yon plaj sablonez, 168 sit kan, yon marina (waf) ak plis pase twa kilomèt chemen randone. Koloni nouvo chalè pak la pral ouvri nan fen mwa me nan Jounen Fèt Kolon (Columbus Day) an chak ane. Chak chalè yo gen yon chanm mètrès nan premye etaj la ak yon kabann ki gwo, yon chanm adisyonèl nan premye etaj la ak de kabann de plas ak yon zòn galata ki gen twa kabann de plas. Zòn salon yo gen yon sofa, chèz ak yon chemine pwopàn pou chofaj pandan sezon prentan an ak sezon otòn yo. Ou ka wè vi Lak Ontario yo depi nan kuizin nan/salon an ak zòn galata atravè yon miray an vè konplè ki bay fas li sou lak la. Ekipman ekstèn yo enkli yon lakou ak kat chèz Adirondack, yon tab piknik ki aksesib, espas pou limen dife ak yon gri pou kwit manje. Se inisyativ NY Parks 2020 an ki te finanse pwojè 3.94 milyon dola sa a.

Yo prevwa rezèvasyon chalè yo ap vin disponib apati 1 out atravè Reserve America, ke ou ka jwenn sou entènèt nan <https://www.reserveamerica.com/> swa lè w rele (800) 456-2267. Yo prevwa rezèvasyon yo ap kòmanse 7 out.

**Komisè Pak Eta New York yo, Erik Kulleseid, te deklare,** "Mèsi a angajman Gouvènè Cuomo paske li asire enstalasyon Park ki gen kalite siperyè, Southwick Beach ak Westcott Beach pare pou akeyi yon lòt jenerasyon moun ki renmen ale nan plaj ki pral kapab fè pwòp memwa yo nan bèl kote sa yo. Pandemi COVID-19 la montre konbyen Nouyòkè yo konte sou pak yo kòm kote pou yo pran refij ak detant yo".

**Maureen Coleman, ki se Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Environmental Facilities Eta New York lan, te deklare,** "EFC fyè dèske li te bay sipò pou pratik vèt yo itilize nan pwojè enpòtan bò litoral sa otou Lak Ontario. Pwojè sa a se yon lòt

egzanp angajman Gouvènè Cuomo pou pwoteje ak amelyore resous natirèl trezò Eta New York yo".

**Senatè Patty Ritchie te deklare,** "Pou anpil fanmi ak moun, ete vle di pase tan nan Pak Eta New York yo. Amelyorasyon enpòtan nan Pak Eta Westcott Beach ak Southwick Beach pa pral sèlman amelyore eksperyans pou vizitè yo, men ede pwoteje anviwònman an tou. Mwen te fyè dèske mwen te jwe yon wòl nan garanti finansman pou fè yon pòsyon nan amelyorasyon sa yo posib, epi mwen konnen ke atravè yo, yon pakèt moun pral kapab ale deyò epi jwi resous natirèl rejyon nou an pou anpil ane k'ap vini yo".

**Manm Asanble Will Barclay te deklare,** "Nouvo amelyorasyon nan Pak Eta Southwick Beach ak Pak Eta Westcott Beach se amelyorasyon akèy ki pral bay vizitè yo yon pi bon eksperyans. Envesti 9.1 milyon dola nan enstalasyon sa yo pral amelyore ekipman ak anviwònman pak yo epi ede atire plis vizitè ak amatè anplennè k'ap jwi bote natirèl Lak Ontario a. Sa fè dè deseni depi pwojè tankou sa yo yo te acheve isit la, e mwen ta renmen felisite tout moun ki te fè amelyorasyon sa yo yon reyalite".

**Prezidan Konsèy Lejislatè Konte Jefferson (Jefferson County Board of Legislators), Scott Gray, te deklare,** "Aktivite touris se yon eleman enpòtan nan sante ekonomik nan Konte Jefferson nan ak bèl Pak Eta New York otou lak ak rivyè nou yo amelyore anbyans eksperyans North Country a. Mwen rekonesan paske Gouvènè Cuomo ak Komisè Pak Eta New York yo Erik Kulliseid konprann enpòtans pou kenbe ak amelyore pak nou yo pou maksimize tout potansyèl yo pou rezidan nou yo ak envite yo nan Konte Jefferson".

**Corey Fram, Direktè Touris, 1000 Islands International Tourism Council, te deklare,** "New York kontinye trase chemen an nan devlopman entelijan, dirab nan espas ouvè yo nan amelyore etablisman yo pou itilizatè yo ak enkòpore pratik ki respekte anviwònman an ki pèmèt jenerasyon k'ap vini yo jwi tèren kan Lak Ontario manyifik sa yo".

Pwogram NY Parks 2020 Gouvènè a se yon angajman 1 milya dola sou plizyè ane ak finansman prive ak piblik pou Pak Eta yo jiska 2020. An plis, ane sa a Gouvènè a te anonse Pwogram Connect Kids to Parks (Konekte Timoun yo ak Pak yo), ki ap bay jou antre gratis pou elèv klas katriyèm ane primè yo ansanm ak fanmi yo, epi kreye yon nouvo pwogram don pou transpò pou ede elèv nan lekòl defavorize yo vizite pak leta yo ak sit istorik yo.

**Konsènan Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) Eta New York**

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik nan Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) lan sipèvizè plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, santye rekreatif ak lansman bato, ke yon kantite rekò 77 milyon moun te vizite an 2019. Resaman, yon etid inivèsite te jwenn ke depans State Parks yo

ak vizitè yo fè rapòte 5 milya dola nan pwodiksyon ak lavant, sipòte 54,000 djòb nan sektè prive an, epi plis pase 2.8 milya dola anplis pou PEB (an kreyòl, Pwodwi Enteryè Brit) Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt zòn rekreyatif sa yo, rele 518-474-0456 oswa vizite [parks.ny.gov](http://parks.ny.gov), konekte sou [Facebook](#), oswa swiv nou sou [Twitter](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)